

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

*Reyalite gwoup ame nan peyi a*

*Gwoup Rechèch ak Refleksyon  
Jilap Nasyonal*



*Pòtoprens, Jen 2005*

## *De mo pou kòmanse*

Aprè plis pase yon lane kanpo, Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR) reprann aktivite l. Gwo boulvès politik peyi a te konnen apati fevriye 2004 ak pwoblèm disponiblite kèk manm nan ekip la te kontrarye travay Gwoup la.

Premye seyans refleksyon nou fè pou reprann aktivite yo chita sou pwoblèm gwoup ame ak zak vyolans nan peyi a. Fenomèn sila a konsènen tout kategori sosyal. Gouvènman an ak Misyon Nasyon Zini an (MINUSTAH) montre yo enpwisan devan fenomèn nan. Sosyete a menm pa konnen kote pou l voye kò l. Tout moun ap plenyen. Men sosyete a pa ka mobilize l pou l pote repons.

Bò kote pa yo, òganizasyon dwa moun yo nan peyi a pa wè klè non plis. Yo pa gen enfòmasyon sou sa k ap pase. Yo pa devlope okenn pwogram asistans anfavè viktim yo. Anplis eksklizyon sosyal peyi a konnen, poutèt gwoup ame ak zak vyolans ki tabli jounen jodi a, yon divizyon jewografik.

Kijan pou nou konprann fenomèn gwoup ame ak zak vyolans yo? Ki defi sa poze pou sosyete nou an? Ki repons nou dwe pote? Se kèk kesyon Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR) eseye pote yon moso repons.

Nou swete tout moun bon lekti. Pa bliye n ap kontan resevwa lide pa w ak tout lòt kòmantè sou refleksyon nou pataje avè w nan ti dokiman sa a.

### **Ki solisyon nan zafè gwoup ame ak zak vyolans nan peyi a.**

Depi plis yon lane, reyalite vyolans nan peyi a pran yon vitès siperyè. Ensekirite a tounen yon rasin san bout. Nouvo fòm zak k ap devlope tankou kidnape moun lage kè sote nan mitan tout kategori sosyal. Men sitiyasyon an vin pi grav ankò lè yon seri gwoup ame rive tabli kontwòl yo sou yon seri katye popilè anba je Leta ak Misyon Nasyon Zini (MINUSTAH), ki di li vin mete peyi a sou ray.

Konsènen reyalite sila a, diferan aktè k ap pale plis lonje dwèt sou pati Fanmi Lavalas. Konsa, diferan gwoup ame k ap opere nan katye popilè yo pote yon mak fabrik politik. Group ame sila yo ta jwenn tou tout kalite apwi lajan ak materyèl bò kote gwo chabrak Lavalas nan peyi a ak lòt bò dlo.

Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP (GRR) kwè bò kote pa 1 sitiyasyon an pi konplike. Paske lè nou gade byen, nan katye popilè ki anba kontwòl gwoup ame yo, nou jwenn tout kalte aktivite kriminel ak move trafik k ap devlope. Okenn moun nan peyi a pa ka di se sèlman Lavalas ki majò jon oubyen ki gen monopòl trafik dwòg, vòlè machin oubyen anlèyman moun. Nou dwe analize, chèche konprann pi byen fenomèn gwoup ame ak zak

vyolans yo. Paske, si nou pa chèche konprann, Lavalas gen lè tounen yon dra k ap kouvri ajisman kriminel plizyè lòt sektè sosyal, ekonomik ak politik nan peyi a. Onivo Gwoup Rechèch ak Refleksyon an (GRR), nou kwè gen 3 jefò ki merite fèt:

- Premye jefò a, se rive kanpe gwoup ame yo, gade ki sa yo ye an reyalite.
- Dezyèm jefò a, se reflechi sou rezon, sou kòz ki fè gwoup ame yo parèt.

- Epi twazyèm jefò, se eseye pwopoze kèk repons oubyen solisyon ki ka ede sosyete nou an sòti anba sèkèy madoulè gwoup ame ak zak vyolans.

### 1. **Ki kalte gwoup ame k ap feraye nan peyi a**

Gwoup Rechèch ak Refleksyon JILAP la (GRR) fè plizyè konsta. Men moun k ap pale sou zak vyolans ki gaye tribò babò nan peyi a toujou gen tandans bliye yo.

**Yon premye konsta:** Gwoup ame ak zak vyolans pa egziste sèlman nan Pòtoprens ak nan katye popilè yo. Reyalite sila a genyen yon karaktè nasyonal. Pratikman, lapolis pa prezan nan prèske okenn seksyon kominal. Genyen anpil gwoup nan seksyon yo ki vin gen zam nan men yo (sonje egzanp Lèpal, Fon Batis...). Reyalite zam kreyòl la menm pa sispann devlope (gade sa k ap pase nan anpil seksyon Gwomòn). Se anpil zak sou lavi ak byen popilasyon an k ap fèt. Gwo pwoblèm nan, laprès, ak òganizasyon dwa moun pa bay tèt yo responsablite ak mwayen pou konnen ak pale sou zak kriminèl sa yo. Aktè sosyal oubyen politik ki gen lavwa ochapit pa pale sou sa, paske pifò viktim sa yo pa gen twòp valè nan je sosyete a.

**Yon dezyèm konsta :** Moun ki gen gwo mwayen lajan nan peyi a mete kanpe gwoup ame pa yo pou pwoteje byen ak lavi yo. Konsa, konpayi sekirite prive ap vin pi plis chak jou. Nan yon seri gwo antrepriz, zam ki nan men ajan sekirite prive yo genyen yon karaktè ilegal. Leta pèdi tout kontwòl sou aktivite konpayi sekirite prive yo. Leta pa gen mwayen pou kontwole jesyon ak itilizasyon zam tout kalte kalib ki nan men ajan sekirite prive yo.

**Yon twazyèm konsta:** Trafikan dwòg yo prèske fin depatcha nèt sosyete nou an. Yo gaye nan tout sektè: ekonomik, komèsyal, politik. Trafikan dwòg yo gen kontwòl lajistis ak lapolis. Konsa,

gwoup ame ki makonnen ak trafik dwòg yo jwenn konplisite nan tout sektè ak prèske nan tout enstitisyon. Tout moun konnen, trafik dwòg pa mache san zam, krim ak vyolans.

Konsta sa yo fè nou wè sosyete nou an tèt anba jounen jodi a. Konsa, nou dwe kanpe gwoup ame yo sou baz prensipal motivasyon yo genyen. Men nou dwe konprann pa gen okenn nan gwoup ame yo ki genyen yon sèl motivasyon.

**Premye seri gwoup ame nou jwenn, se sa ki gen politik kòm prensipal motivasyon.** Pami gwoup sila yo, sa k pi aktif yo se:

- Baz Lavalas yo. Prensipal teren aksyon gwoup sila yo se katye popilè nan Pòtoprens yo. Genyen rezo onivo nasyonal ak entènasyonal k ap soutni baz sa yo. Genyen sipò yo jwenn tou onivo lapolis ak gouvènman an. Pi gwo feblès baz sa yo, se absans yon soutyen reyèl bò kote popilasyon k ap viv nan katye popilè yo, paske se popilasyon sila a ki premye viktim zak vyolans y ap devlope. Bò kote pa yo, Leta ak tout rèz sosyete a lage tout popilasyon katye popilè yo anba kontwòl baz, gwoup ame yo.
- Gwoup ame ki ranmase ansyen militè. Se fòs politik tradisyonèl yo k ap kore gwoup sila yo. Y ap charye yon revandikasyon politik ki se retou lame d Ayiti. Men an reyalyte, gwoup ame sa yo se zouti ki osèvis yon seri fòs sosyal ak politik ki pa janm dakò patisipasyon reyèl pèp la nan zafè politik. Gwoup sa yo ki gen makonnay ak tout yon seri pati politik tradisyonèl okipe jounen jodi a yon dividal gwo pòs nan pouvwa Leta a.

**Dezyèm seri gwoup ame k ap opere, se sa ki gen trafik dwòg ak krim kòm prensipal motivasyon.**

Gwoup ame sila yo pa parèt tèt yo aklè. Li difisil pou konnen konbyen yo ye ak kijan yo repati sou teritwa peyi a. Men gen 5 bagay ki parèt aklè:

- Tout katèl dwòg k ap opere nan peyi a genyen gwoup ame pa yo ki pou pwoteje enterè kriminel yo.
- Diferan gwoup ame sa yo byen rasinen nan Polis Nasyonal la epi gen kontwòl trafik zam. [[ ??]]
- Anpil nan gwoup ame sa yo genyen pwòp pati politik pa yo k ap reprezante enterè kriminel yo sousèn onivo politik la.
- Gwoup ame sa yo konnen byen epi domine rezo koripsyon ki aktif nan aparèy jidisyè a (jij, avoka...).
- Gwoup ame sa yo gen gwo mwayen lajan nan men yo. Yo gen bon jan antre/sòti nan milye ekonomik la.

Nou dwe konprann, motivasyon chak seri gwoup sa yo genyen sèlman yon karaktè prensipal. Genyen aktivite kriminel ki travèse pratik toulède seri gwoup yo, tankou: kidnapin, vòlè machin, zak asasinay... Men, sa ki pi difisil pou konprann, se alyans, makonnay gwoup sa yo abitye fè onivo pratik sou teren an. N ap bay yon egzanp: gen plizyè chèf gang oubyen gwoup ame sou Bèlè ki deklare, sa gen sèlman yon lane depi yo se patizan Lavalas. Anvan sa, tout moun te konnen se dwòg yo t ap vann pou patwon yo genyen. Menm jan an tou, anpil nan gwoup ame k ap opere sou Bèlè pa fèt ak moun nan zòn nan, se nan Site Solèy moun sa yo sòti.

## **2. Ki rezon, ki sa ki lakòz reyalite gwoup ame ak vyolans la ?**

Pou nou eseye reponn kesyon sila a, nou dwe sonje 2 prensip. **Premye a, nan yon peyi, se Leta ki dwe genyen kontwòl, monopòl lavyolans. [[ ??]] Dezyèm prensip, lè gen diferan lòt**

**fòm vyolans k ap pran jarèt, sa poze yon defi pou Leta ak tout rès sosyete a.**

Nou konsidere rezon ki alabaz reyalite gwoup ame ak vyolans nan peyi a nan 2 nivo : estriktirèl / konjonktirèl.

Onivo estriktirèl, li nesèsè pou nou lonje dwèt sou 3 eleman :

**Premye eleman, se kriz Leta ak sistèm politik tradisyonèl la.**

Mòd Leta premye okipasyon ameriken an 1915 te kite nan peyi a rive nan limit li. Genyen nesèsite pou konstwi yon nouvo Leta. Ijans sila a ap mize nan chimen. Tach pou konstwi nouvo Leta, se sou do Ayisyen li dwe chita. Men depi 1986, gwo puisans etranje pran kontwòl yon fason total kapital bak politik peyi a. Depi lè sa a, n ap kouri pou lapli pou tonbe nan larivyè. Chanje Leta a mache tou ak refòm sistèm politik ayisyen. Fòk gen yon nouvo kad ki defini, yon kad ki pou ranmase nouvo fòm rapò ki pou egziste ant klas sosyal yo, ant sitwayen yo ak rapò nou tout genyen ak bout tè sa a ki rele Ayiti.

**Dezyèm eleman, se kriz rapò sistèm ekonomik la.**

Yon bò, sistèm peze souse a pa ka rewopdui tèt li, yon lòt bò, mas pèp la pa rete souf ankò. Sa kreye yon sityasyon ki fasilite prezans gwoup ame yo. Si pa gen mobilizasyon ak repons konsekan bò kote sosyete a, kondisyon pral kreye pou asire pèmanans ak repwodiksyon gwoup ame yo.

**Twazyèm eleman, se kriz sosyal ak kiltirèl la.**

Sosyete nou an konnen yon kriz moral ak etik. Medya yo ap fè pwomosyon yon seri valè sosyal (bèl kay, bèl machin ...) ki pa koresponn ak kondisyon materyèl ak lavi moun nan peyi a. Sosyete nou an pa òganize ak garanti travay pou pèsonn, men l ap ankouraje posesyon richès. Lavi fasil, fè gwo lajan nan tout kalte trafik pran plas jefò ak travay. Jenès la pa wè ni devan, ni dèyè. Lafanmi tèt

anba. Rasin kiltirèl pèp la k ap depafini prèske lage sosyete a san gouvènay. Dwòg, pwostitasyon gaye tribò babò.

**Onivo konjonktirèl, nou wè 3 gwo rezon** ki fè nou rive nan reyalite gwoup ame **ak** vyolans nou konnen jodi a.

**Premye gwo rezon an, se prezans ak enfliyans politik san limit pwisans etranje nan zafè peyi a.** Nan yon peryòd 10 lane, peyi a konnen 2 entèvansyon etranje. Nan tou le 2 ka yo, se pi mal sityasyon an ap vin pi mal. Pwoblèm peyi a, se Ayisyen ki dwe, ki kapab tou prensipalman rezoud yo.

**Dezyèm rezon an, se tout sektè (ekonomik, politik) ki pa sispann esplwate move sityasyon ak kondisyon lavi pèp la.** Se politisyen Lavalas yo ki devlope pi plis move pratik sila a. Men anpil lòt sektè kontinye fè sa jounen jodi a. Bay yon pèp fo lespwa, se yon gwo danje. Se sa tout politisyen ak gwoup sosyal ki gen gwo mwayen ekonomik nan men yo kontinye fè jiska prezan.

**Twazyèm rezon, se gwo feblès òganizasyonèl ki egziste nan tout kò sosyete a.** Nan enstitisyon tradisyonèl yo, genyen ki disparèt (tankou lame), lòt menm pèdi gwo enfliyans yo te genyen (egzanp legliz yo). Diferan sektè sosyal (peyizan, ouvriye...) pa rive mete kanpe bon jan òganizasyon ki gen yon karaktè nasyonal ak yon kapasite mobilizasyon reyèl. Nou wè konsekans yo jounen jodi a, sosyete a manke mwayen ak posiblite pou ranmase pwoblèm li yo. Li pa gen kapasite konsekan pou pwopoze. Li pa gen òganizasyon ki reyèlman reprezantatif pou ede l trase chimen, oubyen louvri wout. Nou devan yon vid sosyal, yon feblès enstitisyonèl ak òganizasyonèl jeneralize.

### **3. Ki repons pou pwoblèm gwoup ame ak zak vyolans?**

Gwoup Rechèch ak Refleksyon an (GRR) pa genyen resèt oubyen solisyon tou pare. Nou kwè se yon pwosesis ki mennen nou kote nou ye la a. Se sèlman lè nou pran yon bon chimen solisyon n ap rive sòti.

**Premye repons** la konsènen apwòch ki konsènen pwoblèm nan. **Kesyon gwoup ame ak zak vyolans, nou dwe konsidere 1 tankou yon pwoblèm nasyonal, yon priyorite sosyal.** Tout konpreyansyon, tout repons konsènen pwoblèm dwe konsidere 2 nivo nou te pale yo : estriktirèl / konjonktirèl. Fòk nou fè jefò poze pwoblèm nan fondman li, reyalite aktyèl li, evolisyon li ak posiblite disparisyon li.

**Dezyèm repons** la gen rapò ak kesyon Leta a. Se yon Leta zonbi ki rete nan peyi a. Leta sila a pa gen kapasite pou rezoud okenn gwo pwoblèm. Prezans militè etranje ki egziste jodi a pa dwe maske reyalite fondanatal sila a. Pwoblèm gwoup ame ak zak vyolans yo dwe yon okazyon anplis pou poze kesyon : **Ki nouvo Leta nou bezwen ? Pou ki nouvo peyi ?** Fòk nou sòti nan pyèj konjonktirèl « eleksyon / Lavalas », pou nou kòmanse atake toutbon gwo pwoblèm peyi a ap souffri.

Gwoup ame ak zak vyolans plis frape katye popilè ak zòn riral yo. Men sosyete a dwe fè atansyon pou reyalite majinalizasyon an pa vin pi grav. Divizyon ekonomik ak sosyal gen deja twòp enpòtans, pou gen yon divizyon jeyografik ta vin ajoute. Li pa posib pou gen yon seri katye ki anba kontwòl gwoup ame kote lavyolans pa sispann fè viktim chak jou ki pase. Si sosyete a pa leve kanpe kont sityasyon sila a, pita ap vin pi tris.

**Twazyèm repons** la chita sou **batay ki nesèsè pou angaje kont fenomèn enpinite nan peyi a.** Sa nou rele « kase fèy kouvri sa ». Li pa posib pou kwape gwoup ame ak zak vyolans nan peyi a, si sa

pa rantre nan kad yon batay global kont enpinite. Gwoup ame yo gen makonnay oubyen konplisite nan divès sektè (ekonomik, politik, etatik). Se pa bandi ki gen zam nan men yo nan lari a sèlman yo dwe konbat. Fò k limyè fèt sou tout responsablite ki genyen, sou tout rezo kriminel k ap aji. Jounen jodi a, peyi a pa genyen yon sèvis ransèyman ak enfòmasyon. Lajistis pa gen kapasite pou mennen ankèt.

Gouvènman an depanse anpil lajan onivo lapolis, ministè enteryè, primati pou ransèyman. Men, nou konstate sa pa bay okenn rezilta. Tout endikasyon montre se nan pòch fonksyonè yo lajan sila a ale.

Bò kote sektè Dwa moun nan peyi a, poko gen bon jan aksyon ki mennen pou ede sosyete a konprann pwoblèm gwoup ame ak zak vyolans yo. Sektè sila a pa devlope okenn solidarite konkrè avèk popilasyon k ap viv nan katye popilè gwoup ame yo kontwole. Konsa yo pa gen enfòmasyon sou sa k ap pase. Yo pa rive devlope nonplis yon estrateji ki ale pi lwen pase lojik represyon anpil sektè sosyal ak politik nan peyi a ap klewonnen. Devan reyalite gwoup ame ak zak vyolans yo, sektè dwa moun nan an pàn.

Sosyete a menm pa wè ni devan ni dèyè. Li pa p janm rive konstwi yon kapasite mobilizasyon kont fenomèn nan, toutotan se fòs etranje ki nan peyi a ki gen lavwa ochapit onivo politik ak militè.

##